**दिन– बुधवार** **दिनांक–02.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय आयुर्विज्ञान अनुसंधान परिषद आ अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान एम्स कहलक अछि जे कोविड टीका आ युवा लोकनि के अचानक होबयवला मृत्युक मध्य कोनो संबंध नहि अछि। देशक दू प्रमुख चिकित्सा अनुसंधान संस्थानक व्यापक अध्ययन मे ई पुष्टि भेल अछि जे भारत मे उपयोग भेल कोविडक टीका प्रभावी आ सुरक्षित रहल अछि। एकर गंभीर दुष्प्रभावक बड्ड कम मामिला भेटल अछि। ेक स्थिति आ कोविडक बादक जटिलता समेत कतेको कारक के मानल जा सकैत अछि।

---

निर्वाचन आयोग स्पष्ट कयलक अछि जे यदि कोनो मतदाता छब्बीस जुलाई धरि गणना पत्र जमा नहि कऽ पबैत छथि तऽ एक अगस्त सँ एक सितम्बर धरि दावा आपत्तिक अवधि मे नव सिरा सँ मतदाता सूची मे नाम सम्मिलित करबाक लेल आवेदन कऽ सकैत छथि। एहि लेल हुनका फार्म छओ आ घोषणा पत्र जमा करबाक होयत। एकर अतिरिक्त एक जुलाई दू हजार पच्चीसक अर्हता तिथि के आधार पर अठारह वर्षक आयु पूरा करयवला युवा लोकनिक नाम सेहो मतदाता सूची मे सम्मिलित कयल जायत। आयोग कहलक अछि जे गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत ऑनलाईन सेहो गणना प्रपत्र भरल जा सकैत अछि। राज्यक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे लोक आयोगक वेबसाइट वोटर्स डॉट ईसीआई डॉट जीओवी डॉट आईएन पर ईसीआई नेट ऐप सँ फार्म डाउनलोड कऽ स्वप्रमाणित दस्तावेजक संग छब्बीस जुलाई धरि अपलोड कऽ सकैत छथि।

---

प्रदेश मे चलि रहल विशेष मतदाता गहन पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ राजनीतिक दलक मध्य बयानबाजी तेज भऽ गेल अछि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पर गरीबक नाम मतदाता सूची कटेबार आरोप लगौलनि अछि।

ओतहि, एआईएमआई प्रमुख असदुद्दीन ओवेसी एहि मामिला के लऽकऽ सर्वदलीय बैसार बजेबाक अपील कयलनि अछि।

———————————————————————————

एहि मध्य निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे बिहार मे चलि रहल विशेष गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ आइ प्रमुख विपक्षी पार्टी सभक संग होबयवला बैसार के स्थगित कऽ देल गेल अछि। आयोग कहलक अछि जे कोनो राजनीति दल एहि बैसार मे अपन सहभागिता सुनिश्चित करबाक सूचना नहि देलक जाहि कारणे बैसार के स्थगित करय पड़ल।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ रक्षामंत्री राजनाथ सिंह कहलनि अछि जे महागठबंधन मे सम्मिलित कांग्रेस आ राजद एहन पार्टीक एक मात्र उद्देश्य सत्ता मे बनल रहबाक अछि, जखनकि भाजपाक उद्देश्य देशक प्रत्येक नागरिक के गरिमामय जीवन देबाक अछि। श्री सिंह आइ पटना मे पार्टीक प्रदेश कार्य समितिक बैसार के संबोधित करैत पार्टी कार्यकर्ता लोकनि सँ जनताक बीच जाकऽ दुनू विपक्षी दलक बिहार विरोधी भावनाक विषय मे जनतब देबाक अपील कयलनि। श्री सिंह कहलनि जे भाजपा मे कोनो कार्यकर्ता पैघ अथवा छोट नहि होइत छथि। प्रत्येक कार्यकर्ता एकहि भावना सँ काज करैत छथि। रक्षामंत्री कहलनि जे कार्य समितिक बैसार एक संकल्प सभा अछि, जकर एकमात्र उद्देश्य भारत आ बिहार के नव शिखर पर लऽ जयबाक अछि। बैसार मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा बिहार सँ संबंधित सांसद, विधायक, विधान पार्षद, प्रदेश पदाधिकारी, प्रदेश कार्यसमितिक सदस्य आ सभ जिलाक प्रतिनिधि सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————————

सरकारी नोकरी मे डोमिसाइल नीति लागू करबाक आ भर्ती प्रक्रिया मे पारदर्शिताक मांग के लऽकऽ छात्र लोकनि आइ पटना मे सरकारक विरूद्ध विरोध प्रदर्शन कयलनि। छात्र लोकनि सरकारी नोकरी मे यथाशीघ्र डोमिसाइल नीति लागू करबाक मांग कऽ रहल छलाह। एहि सँ पूर्व पाँच जून के सेहो एहि मांग के लऽकऽ पटना मे छात्र–छात्रा लोकनि प्रदर्शन कयने छलाह।

———————————————————————————

प्रदेश मे मानसूनक प्रभाव सँ बरखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे रोहतास जिलाक तिलौथू मे सभ सँ बेसी अड़तालीस दशमलव आठ मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे तेज हवाक संग बरखा हेबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

मधुश्रावणीक अवसर पर मधुबनी जिलाक अररिया संग्राम स्थित मिथिलाहाट मे अगामी सोलह जुलाई सँ छब्बीस जुलाई धरि डाली सज्जा प्रतियोगिताक आयोजन कयल जायत।

———————————————————————————

कटिहार जिलाक कुर्सेला थाना क्षेत्र अंतर्गत एनएच एकतीस पर दू हाइवा ट्रकक सोझा–सोझी टक्कर मे एक चालकक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि एक उपचालक गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————————

दरभंगा जिलाक बहादुरपुर थाना क्षेत्र मे पुलिस छापामारी कऽ भारी मात्रा मे निसाक दवाई आ शराबक संग एक व्यक्ति के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, पुर्णिया मे सेहो पुलिस स्मैकक संग दू अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।